



### Office of the Superintendent

**Dr. Vickie L. Cartwright, Superintendent of Schools**

600 Southeast Third Avenue

Fort Lauderdale, Florida 33301

phone: 754-321-2600 • fax: 754-321-2701

[supt\\_cartwright@browardschools.com](mailto:supt_cartwright@browardschools.com)

[browardschools.com](http://browardschools.com)

### The School Board of Broward County, Florida

Laurie Rich Levinson, Chair  
Patricia Good, Vice Chair

Lori Alhadeff  
Daniel P. Foganholi  
Debra Hixon  
Donna P. Korn  
Sarah Leonardi  
Ann Murray  
Nora Rupert

4 me 2022

Elèv Klas Douzyèm Ane k'ap Diplome, Paran/Responsab:

Gradyasyon ayeskoul se yon evènman enpòtan nan lavi elèv, paran, ak fanmi. Se yon opòtinite pou selebre akonplisman ak reyalyasyon akademik elèv-yo. Seremoni gradyasyon òganize yon fason k'ap kite nan nou-menm souvni ak enpresyon lavi diran. Nou bezwen èd ou pou fè seremoni remiz diplòm pitit ou dewoule nan yon anbyans diyite e respè.

Direktè ak estaf lekòl pitit ou pase yon tan konsiderab ap plannifye epi òganize seremoni remiz diplòm la. Li enpòtan anpil pou patisipan k'ap diplome ak moun ki prezan diran seremoni a kondwi-yo demannye poli e koutwa. Seremoni gradyasyon an se yon evènman solanel, epi ki ekzije asistans-la konpòte l byen epi respekte règ lizay. Pou asire seremoni gradyasyon lekòl pitit ou dewoule avèk diyite, nou atann aske elèv ak paran respekte règ dekowòm epitou respekte prensip règ byenseyans:

#### Fanmi ak Envite

- Poulemoman, nou pap ekzije fanmi ak envite mete mask, kachnen/pwoteksyon figi pou antre nan sal gradyasyon epi diran seremoni a. Natirèlman, nou ka pote modifikasyon si se nesèsè.
- Teni ki konvnan e ki rekonmande (egzanp abiye an teni de vil).
- Nou pèmèt moun nan asistans-la itilize kamera san flach oswa kameravideoyò pòtatif depi moun sila pa kite plas-yo epi respekte dwa asistans-la pou gade seremoni a san deranjman inital. Diran seremoni gradyasyon an, nou pap pèmèt fotografi ak flach epi videyotep nan pozisyon kanpe. Lekòl pitit ou kapab anboche yon fotograf pwofesyonnel ak yon espesyalis videyo pou filme seremoni a. Kontakte ofis direktè lekòl la si ou bezwen enfòmasyon konsènan acha foto souvni seremoni gradyasyon oswa videyo gradyasyon an.
- Diran seremoni diplòm la, swiv enstriksyon direktè lekòl la bay pou aplodisman ak rekonesans.
- Tout bagay ki pwodi yon son, *air horns* (tankou yon klaksonn) oswa siflèt, entèdi, nan kote seremoni gradyasyon an ap dewoule, epi izaj-yo entèdi fòmèlman.
- Voye anlè balon plaj (beach balls), blad ak balon, oswa lòt bagay similè, entèdi, pandan seremoni gradyasyon an ap dewoule.
- Pinga lanse konfeti pandan seremoni gradyasyon an ap dewoule.
- Pwogram gradyasyon an va deziye tout moun ki otorize pwononse alokasyon ak diskou pou adrese asistans-la ak elèv-yo k'ap diplome. Okenn moun pa ka pale devan asistans-la san yon pèmasyon ak otorizasyon espesyal de direktè lekòl la.

**Educating Today's Students to Succeed in Tomorrow's World**  
Broward County Public Schools is an Equal Opportunity Employer



- Tout seremoni gradyasyon ap konmanse alè epi atan; kifè, tout paran ak envite ta dwe rive nan sal oswa kote seremoni gradyasyon an va dewoule, anvan seremoni-a kòmanse. Pou moun ki rive anreta, yo kapab al chita sèlman apre fen *presentation of colors* (seremoni drapo) epi apre chan im nasyonnal. Ou ka admèt ansanm ak nou gen milye envite k'ap asiste seremoni remiz diplòm-la poutèsa fè tout efò posib pou vin alè.

### Elèv k'ap diplome

- Poulemoman, nou pap ekzije elèv k'ap diplome mete mask, kachnen/pwoteksyon figi pou antre nan sal gradyasyon an epi diran seremoni a.
- N'ap fè elèv-yo chonje yo dwe gen bon kondwit epi pran responsabilite-yo diran seremoni gradyasyon ak lè gen repetisyon. Elèv-yo dwe respekte règ ak regleman ki esplikè nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv, klas segondè, Secondary Code of Student Conduct.
- Elèv-yo dwe swiv potokòl pwosedi epi orè presi ak kalandriye chak evènman jan sa fikse epi revize diran repetisyon pou seremoni a.
- Elèv-yo dwe kenbe sou tèt yo touttan *caps*-yo.
- Elèv-yo dwe rekonèt enpòtans seremoni remiz diplòm, ankonsekans abiye kòrèkteman e yon fason prezantab.
- Pwogram gradyasyon an va deziye tout elèv ki otorize adrese lòt elèv-yo k'ap diplome ak klas-la. Okenn elèv pa gen dwa pale devan asistans-la san yon pèmision ak otorizasyon espesyal de direktè lekòl la.
- Tout bagay ki pwodi yon son, *air horns* (tankou yon klaksonn) oswa siflèt, entèdi, nan kote seremoni gradyasyon an ap dewoule, epi izaj-yo entèdi fòmèlman.
- Voye anlè balon plaj (beach balls), blad ak balon, oswa lòt bagay similè, entèdi, pandan seremoni gradyasyon an ap dewoule.
- Pinga lanse konfeti pandan seremoni gradyasyon an ap dewoule.

Nou mande tout elèv, paran ak envite kondwi tèt-yo demannye respektab epi koutwa. Si kèk elèv ak patisipan gen yon konpòtman oswa kondwit ki pa aseptab epi ki twouble lòd diran seremoni gradyasyon an, sekirite va eskòte-yo epi mete deyò nan sal-la. Pou rekonèt enpòtans dekowòm ak règ byensyans epi politès diran seremoni gradyasyon, **tanpri siyen epi retounen lèt-sa-a bay direktè lekòl pitit ou.**

---


Non Elèv-la

---

Mwen ateste mwen resevwa lèt sa  
Paran oswa Responsab Legal

---

Non Lekòl la

Sensèman,  
  
 Dr. Vickie L. Cartwright  
 Superintendent of Schools

VLC/VSW/SC:sw